**दिन– मंगलवार** **दिनांक–13.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कड़गर संदेश देलनि अछि जे भारत आतंकवादी सभक ठेकाना पर सटीक हमला करय मे सक्षम अछि। ऑपरेशन सिंदूरक सफलता पर श्री मोदी कहलनि जे एहि ऑपरेशनक अंतर्गत ने मात्र  आतंकवादीक शिविर नष्ट कयल गेल अपितु हुनक नापाक मंसूबा आ दूस्साहस के सेहो परास्त कयल गेल। प्रधानमंत्री ई संदेश पंजाबक आदमपुर वायु सेना केन्द्र पर वायु सेनाक योद्धा आ सैनिक लोकनि सँ बातचीत करैत देलनि। ओ ऑपरेशन सिंदूर मे देशक रक्षा करयवला सशस्त्र बलक साहस, वीरता आ कार्यकुशलताक सराहना कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे भारत माता की जयृ हर ओ सैनिकक संकल्प अछि जे देशक लेल अपन जीवन बलिदान करबाक लेल तैयार छथि। ओ कहलनि जे ई प्रत्येक शहीदक शपथ अछि आ प्रत्येक नागरिकक स्वर अछि जे देश लेल किछु करय चाहैत छथि।

---

रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आइ नव दिल्ली मे एक उच्च स्तरीय बैसार कऽ भारतक पश्चिमी सीमा पर सुरक्षा स्थितिक समीक्षा कयलनि। बैसार मे प्रमुख रक्षा अध्यक्ष सीडीएस जनरल अनिल चौहान, नौसेना प्रमुख एडमिरल दिनेश कुमार त्रिपाठी आ सेना प्रमुख जनरल उपेन्द्र द्विवेदी सम्मिलित भेलाह। एहि बैसार मे रक्षा सचिव राजेश कुमार सिंह सेहो उपस्थित छलाह।

---

केन्द्र सरकार कहलक अछि जे भारत जम्मू कश्मीरक मुद्दा पर कोनो मध्यस्थता के स्वीकार नहि करत। आइ विदेश मंत्रालयक प्रेस वार्ता मे मंत्रालयक प्रवक्ता रणधीर जायसवाल कहलनि जे पाकिस्तानक संग बातचीत मात्र पाक अधिकृत जम्मू कश्मीर पर होयत। ओ कहलनि जे भारत पाकिस्तानक मध्य चलि रहल संघर्ष के रोकबाक लेल पाकिस्तान स्वयं कहने छल।

—————————————————————————————

ऑपरेशन सिंदूर पर आइ सँ एगारह दिनक राष्ट्रव्यापी संपर्क अभियान शुरू कयल गेल। मुख्य रूप सँ तिरंगा यात्रा नामक ई अभियान पाकिस्तानक विरूद्ध भारतीय सेनाक सफलता के जन–जन धरि पहुंचाओल जायत। एहि कार्यक्रम मे पूर्व सैनिक, सामाजिक कार्यकर्ता, सामाजिक संगठन आ भाजपाक प्रमुख नेता लोकनि सम्मिलित हेताह। ई अभियान तेईस मई धरि चलत। एहि मे जनतब देल जायत जे कोना भारत पाकिस्तान आ पाकिस्तानक कब्जा वला जम्मू कश्मीर मे आतंकी शिविरक सफाया कयलक।

—————————————————————————————

ऑपरेशन सिंदूरक क्रम मे पाकिस्तानक दिस सँ भेल गोलीबारी मे जम्मू मे उपस्थित भारतीय सेनाक जवान सीवान निवासी रामबाबू सिंह शहीद भऽ गेलाह। नओ मई के सीमा पार सँ भेल गोलीबारी मे ओ गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेल छलाह। रामबाबू बड़हरिया प्रखंडक बसिलपुर गामक रहनिहार छलाह। शहीद जवानक पार्थिव शरीर आइ हुनक पैतृक गाम पहुंचबाक संभावना अछि।

—————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सारण जिलाक गरखा थाना क्षेत्रक नारायणपुर गाम मे बीएसएफक शहीद एसआई मोहम्मद इम्तियाजक परिजन सँ भेट कऽ हुनका सांत्वना देलनि। मोहम्मद इम्तियाज दस मई के पाकिस्तानक गोलीबारी मे शहीद भऽ गेल छलाह।

—————————————————————————————

दोसर दिस मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ भागलपुर मे दू सय आठ करोड़ टाका सँ बेसीक अड़तालीस विकासात्मक योजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि।

—————————————————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई दसम आ बारहम बोर्ड परीक्षाक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। दुनू परीक्षा मे बालिका लोकनि एक बेर पुनः बालक लोकनि सँ नीक प्रदर्शन

कयलनि। बारहमक परीक्षा मे एहि वर्ष अट्ठासी दशमलव तीन–नओ प्रतिशत विद्यार्थी पास कयलनि, जे पछिला वर्षक तुलना मे शुन्य दशमलव चारि एक प्रतिशत बेसी अछि। ओतहि, दसम वर्गक परीक्षा एहि वर्ष तिरानवे दशमलव छओ–छओ प्रतिशत विद्यार्थी लोकनि पास कयलनि, जे पछिला वर्षक तुलना मे शुन्य दशमलव शून्य छओ प्रतिशत बेसी अछि। परीक्षा परिणाम सीबीएसई डॉट जीओवी डॉट इन, रिजल्ट डॉट एनआईसी डॉट इन अथवा रिजल्ट डिजी लॉकर डॉट जीओवी डॉट इन वेबसाइट पर उपलब्ध अछि।

———————————————————————————

पूरा प्रदेश भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार काल्हि मोतिहारी मे लू चलबाक स्थिति बनल रहल। एहि ठामक अधिकतम तापमान एकतालीस डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिन धरि औसत तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। ओतहि, अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक उत्तरी भाग मे किछु ठाम आंशिक वर्षा हेबाक पूर्वानुमान अछि।

———————————————————————————

खेलो इंडिया यूथ गेम्स मे बिहार एखन धरि तेईस पदक जीतलक अछि। एहि मे चारि स्वर्ण, आठ रजत आ एगारह कांस्य पदक सम्मिलित अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।